

Eta New York Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye

Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye a ap ede fanmi ki an reta nan lwaye yo ki gen difikilte finansye poutèt COVID-19 e ki riske vin san kay oswa pa gen lojman estab. Anplis de sa, pwogram nan kapab ofri asistans tanporè pou lwaye ak asistans pou bòdwo sèvis publik ki pa peye.

ÈSKE MWEN KALIFYE?

Rezidan ki kalifye yo dwe respekte kondisyon ki anapre yo:

- Revni anvan taks fanmi an pou piplis a 80 pouzan revni medyan reyjonal la, ki varye dapre konte a ak gwo sè fanmi an.
- Yon manm nan fanmi an te resevwa endanmnite chomaj oswa te gen yon rediksyon nan revni li, te oblige fè gwo depans oswa te gen difikilte finansye, dirèkteman oswa endirèkteman, poutèt pandemi COVID-19 la.
- Kandida a dwe lwaye an reta nan kote li rete kounye a.

KIJAN LI MACHE?

Asistans sa a kapab peye jiska 12 mwa lwaye an reta epi pou sèten fanmi, peye jiska 3 mwa pou lwaye pi devan. Pwogram nan kapab peye tou jiska 12 mwa bòdwo kouran elektrik oswa gaz ki an reta. Tanpri pa blyie, peman yo ap toujou fèt dirèkteman bay mèt kay la oswa founisè sèvis publik la.

Aplikasyon yo kapab soumèt
sou entènèt nan
nysrenthelp.otda.ny.gov

Pou plis enfòmasyon, ale sou **otda.ny.gov/ERAP** oswa rele **844-NY1RENT** (844-691-7368)



Office of Temporary
and Disability Assistance